



150 YEARS
OF ADVANCING
PUBLIC
HEALTH



21 jen 2022

Chè Paran ak Gadyen,

Kounye a, CDC rekòmande vaksen kont COVID-19 pou timoun ki gen 6 mwa ak 5 an, **nou ankouraje w fè pitit ou pran vaksen** pou pwoteje tèt yo, fanmi w ak kominote a.

Byenke anjeneral COVID-19 la mwen grav pou timoun pase granmoun yo, timoun yo ka vin enfekte, e kèk ka vin malad grav oswa soufri konplikasyon grav. Timoun yo ka pwopaje COVID-19 bay lòt moun. Eksperyans yo montre vaksen COVID-19 la san danje epi efikas kont enfeksyon, maladi grav, entènè lopital ak lanmò.

Tanpri pale avèk doktè pitit ou a pou pran yon randevou epi poze tout kesyon oswa enkyetid ou genyen konsènan vaksen an ak pou pitit ou.

Fanmi yo ka santi yo pi alèz pou yo vaksinen pi piti yo nan men founisè swen prensipal yo, men famasi an detay yo kapab vaksinen tou timoun ki gen 3 an ak plis yo. Gen plis enfòmasyon, tankou enfòmasyon sou sekirite ak kesyon ak repons ki itil ki disponib sou sit

www.mass.gov/CovidVaccineyoungkids

Kòm yon rapèl:

- **Vaksen kont COVID la gratis pou tout moun, e yo pa bezwen okenn pyès idantite oswa asirans pou yo pran vaksen an.**

Fè fanmi ou pran vaksen an se pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo. Nou remèsye w paske w ape de nou prezève sekirite ak sante kominote nou an.

Margret R. Cooke
komisè
Depatman Sante Piblik Massachusetts

Jeffrey C. Riley
komisyonè
Depatman Edikasyon Elemantè
ak Segondè